# 2018-jılg`a Qaraqalpaqstan Respublikası aymag`ındag`ı ma`mleketlik ko`shpes mu`lklerden paydalanıwda ijara to`lemlerinin` en` kem stavkasın tastıyıqlaw haqqında

O`zbekstan Respublikasının` «İjara haqqında»g`ı Nızamı, O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` 2009-jıl 8-aprel`degi «Ma`mleket mu`lkin ijarag`a beriw ta`rtibin jedellestiriw is-ilajları haqqında»g`ı 102-sanlı qararı talaplarna tiykarlanıp, respublika aymag`ındag`ı bos turg`an imarat-qurılmalardan maqsetli paydalanıw, olarg`a bolg`an mu`ta`jdi tolıq ta`miyinlew ha`mde ku`tilip atırg`an qa`rejetler menen ka`rxana, ma`keme ha`m sho`lkemlerdin` ijara to`leminen tu`setug`ın paydalardı ta`rtipke salıw maqsetinde Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi

**Q A R A R   E T E D İ:**

1. O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` 2009-jıl 8-aprel`degi «Ma`mleket mu`lkin ijarag`a beriw ta`rtibin jedellestiriw is-ilajları haqqında»g`ı 102-sanlı qararı, O`zbekstan Respublikası Menshiklestirilgen ka`rxanalarg`a ko`meklesiw ha`m ba`sekilikti rawajlandırıw ma`mleketlik komitetinin` 2018-jıl 23 yanvar`dag`ı 50/01-17-sanlı usınısı, O`zbekstan Respublikası Finans ministrliginin` 2018-jıl 23-yanvar`dag`ı AX/08-01-32-14/29-sanlı ha`m O`zbekstan Respublikası Ekonomika ministrliginin` 2018-jıl 23-yanvar`dag`ı SB-4-7/3-sanlı «Ma`mleketlik ko`shpes mu`lklerden paydalanıwda ijara to`lemlerdin` en` kem stavkasın anıqlaw haqqında»g`ı kelisimlerin basshılıq ha`m orınlaў ushın qabıl qılınsın.

2. To`mendegiler:

a) Qaraqalpaqstan Respublikasında ko`shpes ma`mleketlik mu`lklerden paydalang`anlıg`ı ushın 2018-jılda 1 kv. metrge qollanılatug`ın ijara to`lemlerinin` en` kem stavkaları 1 ha`m 2-qosımshalarg`a muwapıq;

b) İjarag`a beriletug`ın imaratlardı ijarag`a beriwde aymaqlıq zonalardı esapqa alıw, paydalanıw qolaylıqları, qon`sılas aymaqtan paydalanıw, qurılıs tu`rlerine qarap, tiykarg`ı qurallardın` o`siwshi koeffitsientleri ha`mde kelip tu`sken ijara to`lemelerin bo`listiriw ta`rtibi 3-qosımshag`a muwapıq tastıyıqlansın.

3. Mu`lkshilik tu`rine qaramastan barlıq ministrlikler, ma`kemeler, basshılarının` qala ha`m rayonlar ha`kimliklerinin` o`z balanslarındag`ı paydalanıp (ijarag`a berilip) ha`m paydalanbay bos turg`an ma`mleketlik mu`lkleri haqqındag`ı mag`lıwmatlardı Qaraqalpaqstan Respublikası Ma`mleket mu`lkin ijarag`a beriw orayı ma`mleketlik unitar ka`rxanasına tolıq o`z waqıtında beriliwin ta`miyinlew boyınsha belgilengen ta`rtipte jeke juwapkerligi belgilensin.

4. To`mendegiler:

a) Ma`mleket mu`lkin ijara sha`rtnaması du`zbesten ijarag`a beriw, ijara sha`rtnamasında ijarag`a berilgen mu`lktin` parametrleri ha`m sanı bilqastan natuwrı ko`rsetilgenligi, bunın` na`tiyjesinde ijara to`leminin` jasırılıwına alıp kelgenligi anıqlang`an jag`dayda, Qaraqalpaqstan Respublikası Ma`mleket mu`lkin ijarag`a beriw orayı ma`mleketlik unitar ka`rxanası ta`repinen sol ku`nnen baslap 3 (u`sh) ku`n ishinde belgilengen ta`rtipte ma`mleket mu`lkinen paydalang`an da`wir ushın ijara to`lemi
2 (eki) esesi mug`darında esaplaplanatug`ınlıg`ı ha`m onı o`ndiriw ushın tiyisli hu`jjetler balansta saqlawshıg`a usınılatug`ınlıg`ı;

b) Qaraqalpaqstan Respublikasındag`ı ma`mleketlik mu`lklerdi «nol`» stavkada ijarag`a beriliwi boyınsha Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esinin` biyligi tiykarında a`melge asırılatug`ınlıg`ı belgilep qoyılsın.

5. Qaraqalpaqstan Respublikasındag`ı ma`mleketlik mu`lki esaplanatug`ın imarat ha`m qurılmalarında jaylastırılatug`ın byudjet sho`lkemleri ushın ijara to`lemi «nol`» stavkada belgilensin.

6. Qaraqalpaqstan Respublikası Menshiklestirilgen ka`rxanalarg`a ko`meklesiw ha`m ba`sekilikti rawajlandırıw komiteti janındag`ı Qaraqalpaqstan Respublikası Ma`mleket mu`lkin ijarag`a beriw orayı direktorı (E.Kunnazarov)qa:

a) ma`mleket mu`lkin ijarag`a beriwdi belgilengen ta`rtipte sho`lkemlestiriw;

b) ijarag`a berilip atırılg`an ma`mleket mu`lkin ha`m onı ijarag`a beriwden tu`setug`ın qa`rejetlerdi esapqa alıw ha`m monitoringin alıp barıw;

v) ijarag`a beriletug`ın ma`mleket mu`lki boyınsha mag`lıwmatlar bazasın du`ziw ha`m ju`rgiziw;

g) ijara ob`ektlerinen maqsetli paydalanıwdı ha`m olardın` saqlanıwı, sonday-aq ijara to`lemi o`z waqtında to`leniwin qadag`alaw;

d) ijarag`a berilgen ma`mleket mu`lkin ha`r shereklik tiykarında xatlawdan o`tkiziw;

e) paydalanbay bos turg`an ma`mleket mu`lki ijarag`a beriliwi haqqındag`ı dag`azalardı, ijarag`a berilip atırg`an ma`mleket mu`lki dizimi jergilikli g`alalıq xabar qurallarında, O`zbekstan Respublikası Menshiklestirilgen ka`rxanalarg`a ko`meklesiw ha`m ba`sekilikti rawajlandırıw ma`mleketlik komiteti ha`mde O`zbekstan Sawda-sanaat palatası Qaraqalpaqstan Respublikası basqarmasının` veb-saytlarına jaylastırıw;

j) respublika aymag`ındag`ı paydalanbay bos turg`an imaratlar ha`m qurılmalardı anıqlap, na`tiyjeli paydalanıwdı ta`miyinlew maqsetinde

yuridikalıq ha`m fizikalıq shaxslarg`a belgilengen ta`rtipte ijarag`a beriw wazıypaları ju`kletilsin.

7. Qaraqalpaqstan Respublikası Ma`mleketlik salıq basqarması (A.Saparbaev), qala ha`m rayon ha`kimlikleri, aymaqlarında ijara qatnasıqların ta`rtipke salıw, ijarag`a berilip atırg`an ma`mleket mu`lkinin` esabatın tuwrı ju`rgiziw ha`m byudjetke qosımsha qa`rejetlerdi qosıw maqsetinde ma`mleket mu`lkinin` balansta saqlawshıları ta`repinen ijarag`a beriw na`tiyjeligin asırıw ha`m sho`lkemlestiriwde Qaraqalpaqstan Respublikası Menshiklestirilgen ka`rxanalarg`a ko`meklesiw ha`m ba`sekilikti rawajlandırıw komiteti janındag`ı Qaraqalpaqstan Respublikası Ma`mleket mu`lkin ijarag`a beriw orayı menen o`z-ara birge islesiwdi jolg`a qoysın.

8. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esinin` 2016-jıl 30-dekabr`degi «2017-jılg`a Qaraqalpaqstan Respublikası aymag`ındag`ı ma`mleketlik ko`shpes mu`lklerden paydalanıwda ijara to`lemlerdin` en` kem stavkasın tastıyıqlaw haqqında»g`ı 406-sanlı qararı o`z ku`shin jog`altqan dep esaplansın.

9. Bul qarar belgilengen ta`rtipte Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esinin` veb-saytına jaylastırılsın ha`m aymaqtag`ı jergilikli “Erkin Karakalpakstan” ha`m “Vesti Karakalpakstan” gazetalarında ra`smiy ja`riyalansın.

10. Bul qarar ra`smiy ja`riyalang`an ku`nnen baslap ku`shke kiretug`ınlıg`ı haqqında belgilep qoyılsın.

11. Usı qarardın` orınlanıwın qadag`alaw Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` orınbasarı B.Xabibullaevqa ju`kletilsin.

- Qaraqalpaqstan Respublikasında ko`shpes ma`mleketlik mu`lklerden paydalang`anlıg`ı ushın 2018-jılda 1 kv. metrge qollanılatug`ın ijara to`lemlerinin` en` kem stavkaları (No`kis qalası boyınsha)
- Qaraqalpaqstan Respublikasında ko`shpes ma`mleketlik mu`lklerden paydalang`anlıg`ı ushın 2018-jılda 1 kv. metrge qollanılatug`ın ijara to`lemlerinin` en` kem stavkaları (rayonlar boyınsha)
- İjarag`a beriletug`ın imaratlardı ijarag`a beriwde aymaqlıq zonalardı esapqa alıw, paydalanıw qolaylıqları, qon`sılas aymaqtan paydalanıw, qurılıs tu`rlerine qarap, tiykarg`ı qurallardın` o`siwshi koeffitsientleri ha`mde kelip tu`sken ijara to`lemelerin bo`listiriw ta`rtibi

*Ko'rib chiqildi:*